

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana dadaran dina bab saméméhna, aya sababaraha anu bisa dicindekeun patali jeung campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

- 1) Hasil panalungtikan kapanggih 408 data campur kode anu frékwénsina 704 kali. Ditilik tina wandana, kapanggih aya campur kode ka jero nu jumlahna 338 data campur kode anu frékwénsina 592 kali (84,1%), jeung campur kode kaa luar kapanggih 70 data campur kode anu frékwénsina 112 kali (15,9%). Campur kode ka jero leuwih réa tibatan campur kode ka luar.
- 2) Aya tilu wujud campur kode, nya éta (1) campur kode ngawujud kecap kapanggih aya 384 campur kode anu frékwénsina 680 kali (96,6%), anu ngawengku 185 kecap salancar, 140 kecap rundayan, 17 kecap rajékan, 37 kecap kantétan, jeung kecap 5 kecap wacahan, (2) campur kode ngawujud frasa kapanggih aya 9 frasa anu frékwénsina 9 kali (1,3%), anu mangrupa frasa éksoséntrik, jeung (3) campur kode ngawujud klausa kapanggih aya 15 klausa anu frékwénsina 15 kali (2,1%) anu mangrupa klausa bébas.
- 3) Faktor anu mangaruhan kana lumangsungna campur kode dina carpon karangan siswa nya éta faktor tina dirina, lingkungan sabudeureuna, jeung sikepna sarta kabiasaan maké basa Sunda. Faktor ti dirina salah sahijina basa nu di kawasa ku dirina sorangan lolobana basa campuran anu persentasena dugi ka (51,3%) nya éta basa Indonesia jeung basa Sunda, kusabab lolobana asal indung bapana di tatar Sunda. Faktor ti lingkungan sabudeureun ngawengku kana basa anu dipaké pikeun komunikasi ka jalma séjén misalna di kulawarga, di sakola, jeung di masarakat. Salian faktor nu disebutkeun di luhur situasi ogé mangaruhan kana lumangsungna campur kode kusabab siswa sok ngarasa sieun salah, kagok, teu pati apal kana basa Sunda, jeung ningali ka nu diajak komunikasina.

5.2 Saran

Dumasar kana kacindekan di luhur, aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun patali jeung panalungtikan campur kode dina carpon karangan siswa kelas X IPA 4 SMAN 9 Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

- 1) Siswa kudu loba maca téks basa Sunda boh tina buku, boh tina majalah.
- 2) Dina pangajaran kudu mawa kamus basa Sunda sangkan ngaminimalisir campur kode.
- 3) Kudu dibiasakeun nyarita ku basa Sunda.